

**UPACARA TRADHISI SEDHEKAH LAUT ING KELURAHAN PACAR**  
**KECAMATAN REMBANG KABUPATEN REMBANG**  
**(Tintingan Wujud, Makna, lan Fungsi)**

**JURNAL ILMIAH**



**Dening :**

**YANITA IKA ARTANTI**

**062114025**

**UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA**  
**FAKULTAS BAHASA DAN SENI**  
**JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH (JAWA)**  
**2013**

## **KACA PASARUJUKAN**

Usulan panliten dening

: Yanita Ika Artanti

NRM

: 062114025

Irah-irahan

: Upacara Tradhisi Sedhekah Laut ing Kelurahan

Pacar Kecamatan Rembang Kabupaten

Rembang : Tintingan Wujud, Fungsi, lan

Makna

Jurnal Pendidikan iki disarujuki lan murwat kanggo pandadaran.

Surabaya, 30 Januari 2013

Ketua Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah (Jawa)

Drs. Sukarman, M. Si

NIP.19641231 199002 1 003

# **UPACARA TRADHISI SEDHEKAH LAUT ING KELURAHAN PACAR**

## **KECAMATAN REMBANG KABUPATEN REMBANG**

**Tintingan Wujud, Fungsi, lan Makna**

**Yanita Ika Artanti**

**FBS Universitas Negeri Surabaya**

Upacara tradisi *sedhekah* laut yaiku upacara selametan lan sesaji kang dipersembahkake marang *dhanyang* sing dilaksanakake kanthi bebarengan (kolektif) kang sifate turun tinurun saka generasi ing generasi sateruse kang nduweni maksud kanggo nggayuh keslametan, lan ngentukake tangkepan iwak kang akeh.

Perkara kang diteliti ing panaliten iki yaiku (1) Kepriye tatalakune upacara tradhisisedhekah laut ing kelurahan Pacar, kecamatan Rembang, kabupaten Rembang; (2) Apa wae maknaubarampe kang kinandhut ing upacara tradhisisedhekah laut ing kelurahan Pacar, kecamatan Rembang, kabupaten Rembang; (3) Fungsi apa wae kang ana ing upacara tradhisisedhekah laut kanggo masyarakat kang ndukung; (4)bab-bab apa wae kang bisa ndadekake upacara tradhisi sedhekah laut isih lestari nganti saiki.

Tujuwan ing panaliten iki yaiku (1) kanggo ngertenip tatalakuupacara tradhisisedhekah laut ing kelurahan Pacar, kecamatan Rembang, kabupaten Rembang; (2) kanggo ngertenip maknaubarampe kang kinandhut ing upacara tradhisisedhekah laut ing kelurahan Pacar, kecamatan Rembang, kabupaten Rembang; (3) kanggo ngertenip fungsiupacara tradhisisedhekah laut kanggo masyarakat kang dukung; (4) kanggo ngandharake bab-bab kang ndadekake upacara tradhisi sedhekah laut isih lestari nganti saiki.

Manfaat kang kinandhut ing upacara tradhisi sedhekah laut kayata; (1) Tumrap pamarintah dhaerah bisa kanggo lelandhesan mengeti upacara tradhisi sedhekah laut ing Kelurahan Pacar minangka agenda taunan kang asipat rutin; (2) Kanggo masyarakat Kelurahan Pacar mligine bisa dadi sarana nglestarekake budaya tradhisi jawa lan sarana hiburan; (3) Tumrap ilmu folklor bisa menehi tambahan inventarisai folklor jawa; (4) Panaliten iki diupayakake bisa menehi motivasi supaya para panaliti liyane ngrasa kegugah kanggo nganakake panaliten kang luwih jero lan becik ngenani upacara tradhisi sedhekah laut.

Metode panaliten iki nggunakake deskriptif kualitatif. Deskriptif yaiku kanggo ngandharake data-data sing saengga dijumbuhake karo kaperluan lan bisa nyengkuyung panaliten. Dene kualitatif yaiku bisa menehi gambaran kang gamblang ngenani upacara tradhisi sedhekah laut.

Saka analisis lan pratelan asiling panaliten bisa didudut yen upacara tradhisi sedhekah laut iki nduweni rong piguna yaiku piguna manifes lan piguna laten. Piguna manifes kayata piguna religi, piguna ekonomi, piguna pendhidhikan, piguna sosial, lan piguna nglestarekake budaya. Piguna laten kayata dolanan remi nalika pagelaran wayang kulit, ngombe miras, lan tawuran (tukaran).

## **Tembung kunci: Wujud, Makna Simbolik, lan Fungsi.**

### **A. PURWAKA**

Koentjaraningrat (2003: 160) ngandharake kabudayan yaiku sakabehing gagasan, pangrasa sarta olah ciptaning manungsa ing bebrayan kang kudu dikulinakake, dilakoni kanthi sinau. Ihromi (1999: 28) ngandharake kabudayan iku pakulinan sing dikembangake dening masyarakat sing dicedhakake karo lingkungane.

Koentjaraningrat (1985: 2) ngandharake, kabudayan nduweni unsur-unsur kang baku, yaiku: *religi*, upacara agama, sistem *organisasi sosial*, kawasian, basa, seni, sistem pangupajiwa lan *sistem teknologi*. Unsur kasebut nduweni sipat universal. Tegese mesti ana ing masyarakat sing ora bisa uwal saka tumindake manungsa uga ora bisa dipantha-pantha saka siji marang liyane. Kanthi ngrembakane ilmu kawasian lan teknologi sing saya maju bisa ndadekake tatacara uripe masyarakat uga tambah maju, yaiku ing salah sawijining bidhang kabudayan materi lan pola pikir tradhisional dadi rasional sing didhasarake saka akal.

Masyarakat Indonesia kang *majemuk* nduweni telung golongan kabudayan sing nduweni corak dhewe-dhewe. Sudikan (2001: 4-6) njlentrehake kabudayan Nuswantara kaperang dadi telu, yaiku (1) kabudayan lokal, (2) kabudayan dhaerah, (3) kabudayan nasional. Kabudayan dhaerah bisa kuwat amarga disengkuyung kabudayan lokal. Kabudayan nasional ing kene ora ana amarga ora nduweni panindak sing penting ing kabudayan lokal lan dhaerah.

Upacara tradhisi sedhekah laut gegayutan karo masyarakat Jawa sing nganut unsur religi. Unsur religi iki isih ana gegayutan karo salah sawijining kapercayan yaiku upacara-upacara adat. Bab-bab kang narik kawigaten sajroning upacara tradhisi sedhekah laut ing Kelurahan Pacar ing dhuwur ndadekake panaliti kepengin ngonceki luwih jero maneh amarga (1) sapengertine panaliti upacara tradhisi sedhekah laut iki durung ana sing nliti, (2) tata laku upacara kang bedha karo dhaerah liya, (3) papan panggonan ana ing tengah segara yaiku ing pulo karang masaran, lan (4) upacara tradhisi sedhekah laut dianakake setaun sepisan yaiku wulan sapar.

Undheraning panaliten kang bakal dionceki, yaiku; (1) Kepriye tatarakite upacara tradisi sedhekah laut ing Kelurahan Pacar Kabupaten Rembang?, (2) Apa wae ubarampe lan maknane kang kinandhut ing upacara tradisi sedhekah laut ing Kelurahan Pacar Kabupaten Rembang?, (3) Apa wae piguna kang kinandhut ing Upacara tradhisi sedhekah laut ing Kelurahan Pacar Kabupaten Rembang?, (4) Apa wae bab-bab kang ndadekake upacara tradisi sedhekah laut ing Kelurahan Pacar Kabupaten Rembang isih dileksanakake.

Panujuning Panaliten yaiku; (1) Ngandharake tatarakite upacara tradisi sedhekah laut ing Kelurahan Pacar Kabupaten Rembang, (2) Ngandharake ubarampe, lan makna kang kinandhut ing upacara tradhisi sedhekah laut ing Kelurahan Pacar, Kabupaten Rembang, (3) Ngandharake piguna kang kinandhut ing upacara tradisi sedhekah laut ing Kelurahan Pacar Kabupaten Rembang, (4) Ngandharake bab-bab kang ndadekake upacara tradhisi sedhekah laut ing Kelurahan Pacar Kabupaten Rembang isih dileksanakake.

Paedahing panaliten ing kene yaiku; (1) Tumrap pamarintah dhaerah bisa kango lelandhesan mengeti upacara tradhisi sedhekah laut ing Kelurahan Pacar minangka agenda taunan kang asipat rutin, (2) Kanggo msyarakat Kelurahan Pacar mligine bisa dadi sarana nglestarekake budaya tradhisi jawa lan sarana hiburan, (3) Tumrap ilmu folklor bisa menehi tambahan inventarisai folklor jawa, (4) Panaliten iki diupayakake bisa menehi motivasi supaya para panaliti liyane ngrasa kegugah kango nganakake panaliten kang luwih jero lan becik ngenani upacara tradhisi sedhekah laut.

Lelandhesan teori kang digunakake kanggo nganalisis underaning panaliten yaiku konsep folklor, konsep tradhisi, konsep makna, lan konsep fungsi. Ing kene Merton (sajroning Kaplan, 2007:79) merang fungsi dadi loro yaiku, fungsi manifes (fungsi tampak), fungsi laten (fungsi terselubung), lan nambahi disfungsi (fungsi negatif lan positif).

Makna simbolik sing kinandhut ing Upacara Tradhisi Sedhekah Laut iki migunakake teori makna lan simbol kaya sing dijilentrehake dening Sudikan (2001: 184) kang njlentrehake simbol minangka sarana kanggo ngandharake makna-makna yaiku arupa gagasan, polah tingkahe, kekarepan-kekarepan, lan tetimbangan-tetimbangan utawa kapercayan sarta *abstraksi-abstraksisaka* kawruh tartamtu lan wujud kang dimangerten. Kanggo napsirake makna fenomena simbol-simbol ing tradhisi sing ana ing bebrayan migunakake hermeneutik. Hermeneutik iku ilmu kanggo napsirake karya sastra kanthi cara mangerten sakabehing unsur-unsur lan mangerten unsur-unsur sing didhasarake saka kaseluruhane.

## B. Metode Panaliten

Metode kang digawe kanggo panaliten iki yaiku metode dheskriptif. Metode deskriptif yaiku data kang dikumpulake awujud tembung-tembung, gambar, lan ora awujud angka. Data kasebut asale saka asil wawanrembug, cathetan lapangan, foto, dhokumen pribadi, cathetan utawa memo lan dhokumen resmi liya-liyane (Moleong, 2006:11). Suparlan (sajroning Patilima, 2007:3) ngandharake yen metode kualitatif nunggal teges karo metode holistik ing ilmu antropologi. Metode holistik lan kualitatif ora nganggo sampel nanging panaliten kang njlimet, jero lan nyakup sakabehe gegambaran kahanan sosial bebrayan kang ditliti.

Sumber data uga diarani informan. Informan diperang dadi loro yaiku informan baku lan informan tambahan. Informan ing kene yaiku pawongan Kelurahan Pacar sing umure antarane 30-70 taun, para pedagang sing dodol ing acara tradhisi kasebut, panitia, sesepuh Kelurahan Pacar, para masyarakat sajabane Kelurahan Pacar, lan kyai.

### 1) Ancangan Panaliten

Panaliten babagan “Upacara Tradisi Sedhekah Laut ing Kelurahan Pacar Kecamatan Rembang” awujud panaliten kualitatif dheskriptif. Panaliten kualitatif yaiku panaliten kang nggunakake ancangan naturalistik kanggo nggolek informasi ngenani kedadeyan-kedadeyan ing bebrayan (Moleong, 2006:5). Panaliten kualitatif asipat dheskriptif yaiku nyathet kanthi njlimet lan tliti sakabehing kahanan (fenomena) kang dideleg, dirungu, lan diwaca sarana wawanrembug, foto, tape recorder, lan liya-liyane (Hutomo sajroning Sudikan, 2001:85). Metode kang digawe kanggo panaliten iki yaiku metode dheskriptif. Metode deskriptif yaiku data kang dikumpulake awujud tembung-tembung, gambar, lan ora awujud angka. Data kasebut asale saka asil wawanrembug, cathetan lapangan, foto, dhokumen pribadi, cathetan utawa memo lan dhokumen resmi liya-liyane (Moleong, 2006:11). Suparlan (sajroning Patilima, 2007:3) ngandharake yen metode kualitatif nunggal teges karo metode holistik ing ilmu antropologi. Metode holistik lan kualitatif ora nganggo sampel nanging panaliten kang njlimet, jero lan nyakup sakabehe gegambaran kahanan sosial bebrayan kang ditliti.

### 2) Sumber Data lan Data Panaliten

Sumber data uga diarani informan. Informan diperang dadi loro yaiku informan baku lan informan tambahan. Informan baku ing panaliten iki yaiku Bapak Abdul Ghofur minangka kyai ing kelurahan Pacar, Mbah Tarsan minangka sesepuh ing Kelurahan Pacar, Bapak Sariyono minangka panitia upacara tradhisi sedhekah laut. Informan tambahan yaiku warga nelayan kang melu ngleksanakake upacara tradhisi sedhekah laut mligine masyarakat Kelurahan Pacar.

Data ing kene ana loro yaiku data primer lan data sekunder. Data primer yaiku data pokok ing upacara tradhisi sedhekah laut. Data primer ing kene kayata, pacelathon karo sesepuh desa, kyai, nelayan, lan masyarakat. Data sekunder minangka data tambahan, kayata buku tahlil lan buku manaqib. Data kang digunakake ing panaliten iki yaiku data lisan awujud tetembungan, ukara, rerangken crita kang wujude kaya dongengan saka asil wawanrembug karo informan, asil observasi lan uga data foto kang arupa ubarampe kang digunakake ing upacara tradhisi sedhekah laut.

### 3) Tatacarane Ngumpulake Data

Teknik ngumpulake data minangka tata cara kang digunakake kanggo jlentrehake data ing panaliten iki. Teknik kanggo ngumpulake data yaiku observasi, wawanrembug, lan dokumentasi.

### 4) Tatacarane Ngolah Data

Ing panaliten kualitatif, analisis data ditindakake wiwit saka awal nglumpukake data nganti pungkasane panulisan asil panaliten. Ing panaliten iki ana telung trap kang dilakoni yaiku:

- (1) *Open coding* yaiku panaliti ngupaya golek data saakeh-akehe ngenani upacara tradisi sedhekah laut.
- (2) *Axial coding* yaiku panaliti ngumpulake data adhedhasar kategorine.
- (3) *Selective coding* yaiku panaliti mriksa kategori inti kang ana gegayutane karo kategori liyane nganti mujudake dudutan (Sudikan, 2001:80).

### 5) Teknik Paparan Asiling Analisis Data

Data ngenani wujud, fungsi, lan makna simbolik ing upacara tradisi sedhekah laut ing Kelurahan Pacar Kabupaten Rembang dikumpulke banjur dijilentrehake sacara jero banjur dipaparne.

Data sing wis dikumpulke banjur dianalisis. Ing analisis data iki panaliti nggunakake teknik deskriptif kualitatif. Teknik deskriptif kualitatif kanggo nganalisis data kayata wujud, makna simbolik, lan fungsi saka upacara tradisi sedhekah laut. Sakabehing data saka informan wis ngumpul banjur dianalisis lan dideskripsiake awujud tembung-tembung. Paparan kasebut diandharake sacara urut saengga asiling maksimal.

## C. Asiling Panaliten

### Tatarakite Upacara Tradhisi Sedhekah Laut ing Kelurahan Pacar Kecamatan Rembang.

Ing kene bakal kaandharake ngenani aspek tatarakite upacara tradhisi sedhekah laut ing Kelurahan Pacar yaiku ngenani tatarakite upacara tradhisi sedhekah laut lan ubarampe samaknane sing kinandhut ing upacara tradhisi sedhekah laut ing Kelurahan Pacar.

Sadurunge upacara tradhisi sedhekah laut ditindakake luwih dhisik masyarakat nindakake pirang-pirang kagiyatan, kayata: nyusun kepanitiaan, kerja bakti ngresiki desa, nyiapake sesajen, lan nyiapake papan sing bakal digunakake.

Nyusun panitia sedhekah laut dianakake sewulan sadurunge tradhisi dipengeti yaiku tanggal 30 Desember 2009 wanci tabuh jam 19.30 WIB. Masyarakat lan pengurus desanyusun kepanitiaan kanggo nglancarake tradhisi iki. Sing teka ing rapat nyusun panitia yaiku masyarakat Kelurahan Pacar lan pengurus desa sing cacahe ana 40 jiwa. Sesepuh ing Kelurahan Pacar yaiku Mbah Tareni minangka wong sing dongani nalika nglarungna sesajen lan nyepake sesajen sing bakal diaturake marang dhanyang (panunggu segara sisih lor). Yen wis mari anggone nyusun panitia, panitia mau uga kudu bisa tanggung jawab ngenani tugas lan kewajibane. Nyusun

kepanitiaan iki nduweni tujuwan yaiku supaya tradhisi iki mlaku kanthi apik lanwigati. Ing ngisor iki bakal kaandharake susunan panitia sedhekah laut ing Kelurahan Pacar Kabupaten Rembang.

Kerja bakti ngresiki desa dianakake eminggu sadurunge tradhisi iki ditindakake yaiku tanggal 1 pebruari 2010 tabuh 15.00 WIB, dianakake kerja bakti utawa reresik kanggo ngresiki lingkungan lan ngapiki sarana lan prasarana kang wis rusak. Kerja bakti ditindakake ing pondhen papan kanggo nganakake manaqiban ing Kelurahan Pacar. Kerja bakti ditindakake dening kabeh masyarakat Kelurahan Pacar. Bapak-bapak lan remaja masyarakat ngresiki pondhen, got-got, dalan, lan wit sing gedhe, dene ibu-ibu nyepakake kopi lan jajan-jajan kanggo bapak-bapak lan remaja masyarakat sing tumandhang. Kerja bakti utawa reresik iki kanthi tujuwan supaya manungsa bisa bali resik sadurunge ngadhep kang Maha Kuwaos. Kerja bakti iki dipungkasi tabuh 17.30 WIB utawa jam setengah enam sore.

Nyiapake sesajen diwiwiti sedina sadurunge nganakake tradhisi sedhekah laut, yaiku tanggal 5 pebruari 2010. Sing nyiapake sesajen ing tradhisi sedhekah laut yaiku sesepuh desa yaiku Mbah Tareni nanging uga direwangi panitia lan masyarakat. Sesajen kudu jangkep ora bisa kurah salah siji.

Ngatur lan nyiapake panggonan yaiku tugas saka sie keamanan supaya upacara tradhisi sedhekah iki lumaku kanthi apik lan lancar ora ana alangan. Tradhisi sedhekah laut diwiwiti kanthi panitia sing ngatur panggonan sing bakal digawe manaqiban yaiku ing pondhen. Wis akeh para bakul sing bakal dodol ing sajroning Kelurahan Pacar. Akeh masyarakat kang nyengkuyung lan guyub rukun mbiyantu lancare tradhisi iki sing dipengeti setaun sepisan.

Tahap inti nalika nganakake upacara tradhisi sedhekah laut kaperang dadi 4 bagian yaiku tradhisi manaqiban, tradhisi ngarak sesajen, tradhisi nglarungak sesajen lan tradhisi manganan ing segara. Tradhisi manaqiban yaiku wujud wiwitan kang ana ing upacara tradhisi sedhekah laut ing Kelurahan Pacar. Tembung manaqib yaiku saka tembung Arab sing artine kabecikan-kabecikan mula bisa diarani manaqib yaiku uripe wongkang wis dikenal amarga kabecikan-kabecikan marang Kang Maha Kuwaos uga manungsa. Tradhisi manaqiban diwiwiti jam 8 wengi nalika tanggal 6 februari 2010. Papan panggonan kang digawe manaqiban yaiku ing ponden Kelurahan Pacar.

Sawise Tradhisi Manaqiban dianakake ing wengine sadurunge ngerak sesajen banjur esuke tanggal 7 pebruari 2010 dianakake tradhisi ngarak sesajen. Tradhisi ngarak sesajen diwiwiti esuk sadurunge sesajen dilarungna ing segara yaiku jam 07.00 WIB. Ing tradhisi arak sesajen akeh wong kang melu tradhisi ngerak sesajen saka enom nganti tuwa kumpul dadi siji.

Sawise Ngarak Sesajen banjur dianakake Nglarung Sesajen. Nglarung sesajen yaiku kaya upacara tradhisi kang sipate penting. Amarga Tradhisi Larung Sesajen yaiku upacara kang sesajene uwis ditata apik ing perahu cilik kanggo diaturake marang panguwasa segara utawa dhanyang (Mbah Masaran). Tradhisi nglarungake sesajen sawetaran jam 10.00 WIB.

Papan panggonan kang digawe nglarungake sesajen marang dhanyang utawa panguwasa segara dumunung ing Pulo Karang Masaran. Karang Masaran yaiku pulo cilik kang dumunung ing segara sisih lor Kabupaten Rembang. Miturut para nelayan Rembang mligine Kelurahan Pacar, Karang Masaran yaiku panggonan kang keramat lanpapan kumpule para dhanyang segara sisih lor Kabupaten Rembang.

Tradhisi slametan utawa manganan ing segara biyasane dianakake kanggo wong kang nduweni gawe (hajat) nduweni tujuwan supaya apa kang dipengini bisa diijabahi. Tradhisi slametan utawa manganan ing segara kagolong wujud syukur masyarakat Kelurahan Pacar nalika nganakake upacara tradhisi sedhekah laut. Tradhisi iki ana wiwit jaman biyen banjur diterusake deninggenerasi sabanjure. Papan panggonan kang digawe tradhisi slametan utawa manganan ing

segara yaiku padha dene tradhisi nglarungake sesajen yaiku ing Pulo Karang Masaran. Tradhisi iku ditindakake sawise nglarungake sesajen sawetara jam 11.00 WIB tanggal 7 Pebruari 2010.

Pungkasane upacara tradhisi sedhekah laut iki yaiku hiburan, kayata kethoprak, wayang kulit, lan orkes dangdut. Papan kanggo nggelar hiburan yaiku ana ing lapangan volli Kelurahan Pacar Kabupaten Rembang. Pagelaran Wayang Kulit ing upacara tradhisi sedhekah laut dianakake ing wengi sawise nglarungake sesajen yaiku tanggal 7 Pebruari 2010 jam 23.00 WIBnganti sabubare. Panggonan kanggo nganakake tradhisi iki ana ing lapangan volli kang ana ing Kelurahan Pacar Kabupaten Rembang. Tradhisi wayang kulit iki ana gegayutane karo tradhisi sedhekah laut yaiku kanggo ngruwat desa. Ruwatan utawa ngruwat ing basa jawa ateges uwal (bebas), yen diruwat ateges diuwal.Ing etnis jawa ngruwat dianakake amerga nduweni tujuwan yaiku mbalekna kahanan kaya kala biyen.

Wektu nganakake kethoprak ing upacara tradhisi sedhekah laut ing Kelurahan Pacar sawise gelaran wayang kulit yaiku tanggal 8 Pebruari 2010 Kethoprak dileksanakake wayah awan sawise sholat dzuhur jam 13.00 WIB nganti jam 17.00 WIB banjur wengine sawetara jam 21.00 WIB nganti jam 01.30 WIB. Dene papan panggonan kang digunakake kethoprak dumunung ing lapangan voli Kelurahan Pacar Kabupaten Rembang.

Slametan minangka salah sawijining wujud kanggo ngucap syukur marang Gusti Allah amarga wis diwenehi rezeki. Slametan ing kene yaiku slametan kanggo njaluk keberkahan rezeki amarga mayarakat Desa Gegunung Wetan wis bisa nemokake kapal sesajen sing wis dilarungake ing segara. Papan panggonan kanggo nganakake slametan ana ing lapangan Desa Gegunung Wetan.Slametan dianakake tanggal 10 Pebruari 2010.Wektu nganakake slametan yaiku jam 20.00 WIB. Sing melu slametan iki yaiku para warga Desa Gegunung Wetan lan panitia sedhekah laut Kelurahan Pacar.

Wektu nganakake orkes dangdut ing upacara tradhisi sedhekah laut ing Kelurahan Pacar sawise tontonan kethoprak yaiku tanggal 11 Pebruari 2010. Orkes dangdutdianakake wengi sawetara jam 21.00 WIB nganti jam 01.00 WIB. Dene papan panggonan kang digunakake orkes dangdut dumunung ing lapangan voli Kelurahan Pacar Kabupaten Rembang. Sing nonton orkes dangdut iki akehe para remaja lanang uga ana wong tuwa sing senengane nonton orkes dangdut. Orkes dangdut iki saka tlatah Jepara sing arane Om Pandhawa.

### **Ubarampe lan Makna Kang Kinandhut ing Upacara Tradhisi Sedhekah Laut ing kelurahan Pacar Kecamatan Rembang.**

Ubarampe kang digunakake ing upacara tradhisi sedhekah laut iki yaiku (1) Endhas wedhus minangka lambang kakuwatan lan pimpinan. (2) Gedhang raja minangka lambang kemakmuran. Kanthi wujud gedhang raja sacengkeh nduweni paedah yen masyarakat Kelurahan Pacar nalika nganakake upacara tradhisi sedhekah laut nduweni pepinginan kang gedhe kanggo ngentuke kemakmuran lan pitulungan saka panguasa segara saliyane alam. (3) Endhog pitik mentah nyimbolne ngenani ndonya sing cacabe telu kang diperang saka telung lapis yaiku lapis kulit, lapis putih endhog, lan lapis kuninge endhog. (4) Kaca lan jungkat disimbolne minangka lambang kanggo nata awak utawa mawas dhiri nalika nglakoni urip ing bebrayan minangka makhluk Gusti Allah kudu rukun lan menehi pitulungan marang wong kang lagi mbutuhake. (4) Degan ijo minangka sesajen kang dipasrahake marang dhanyang kang maknane kasarasan. Dideleng saka pigunane degan ijo migunani kayata obat kang bisa gawe warase awak saka maneka lelara. (5) Kain mori minangka sesajen kanggo mbungkus endhas wedhus, amarga endhas wedhus iki dianggep kramat dening masyarakat Kelurahan Pacar.Miturut sesepuh, kain mori kasebut digunakake kanggo mbungkus endhas wedus.Ukuran kain mori sing digawe yaiku

1 x 1,5 meter. (6) Dhuwit nyimbolne wujud rasa syukur amarga wis bisa nyukupi ekonomi kaluwarga nelayan sabendidane. (7) Dupa bisa dilambangake minangka sarana kanggo njaluk pitulungan marang panguwasa segara. Dupa iki nduweni makna ngucap ndonga marang panguwasa segara utawa dhanyang. (8) Alang-lang lan godhong minangka sesajen kang nduweni makna urip bebrayan. (9) Kendhi nduweni makna kamulyaning urip.Kendhi kasebut kudu diisi banyu, yen kendhi kasebut ora ana banyune mula bakal ana gegayutane karo rezeki kang bakal diasilake. Banyu sing dienggo yaiku banyu bening sing tegese suci. (10) KembangMboreh iki digunakake kanggo ndonga lan njaluk kaberkahan marang Gusti Allah. (11) Kembang setaman minangka pralambang supaya manungsa ing ndonya bisa entuk keslametan lan barokah saka Gusti Allah. (12) Bubur minangka parlambang sipate manungsa ing ndonya. (13) Jajan pasar minangka parlambang rezeki para masyarakat ing Kelurahan Pacar. Jajan pasar ing kene kudu dituku saka pasar. (14) Segar bucu minangka simbol bebarengan lan berkah rezeki kang wis diasilake minangka ngleksanakake pakaryan nelayan lan njaluk rezeki kang luwi. (15) Ngombe minangka simbol bebarengan lan berkah rezeki kang wis diasilake.Ngombe ing kene minangka jangkepane sega.

### **Piguna Kang Kinandhut ing Upacara Tradhisi Sedhekah Laut ing Kelurahan Pacar Kecamatan Rembang.**

Piguna Upacara Tradisi Sedhekah Laut ing kene diperang dadi loro yaiku piguna manifest lan piguna laten. Piguna manifes yaiku piguna pokok sing kinandhut ing sajroning upacara tradhisi sedhekah laut ing Kelurahan Pacar. Piguna manifes kayata :

- **Piguna Religi**

Ngucap syukur ing upacara tradhisi sedhekah laut minangka ngucap syukur marang Gusti Allahsing wis menehi rezeki lan keslametan marang masyarakat Kelurahan Pacar lan njaluk barokah dening Gusti Allah. Upacara tradhisi sedhekah laut iki bisa gawe tentreming ati lan uwat saka cilaka yen masyarakat Kelurahan Pacar wis ngleksanakake tradhisi iki.

- **Piguna Ekonomi**

Akehing masyarakat sing teka ing upacara tradhisi sedhekah laut bisa nulung masyarakat Kelurahan Pacar kango nindakake ekonomi. Usaha ekonomi kasebut bisa ditindakake dening masyarakat Kelurahan Pacar kango dodolan nalika ana upacara tradhisi sedhekah laut. Kanthi nindakake dodolan mula masyarakat Kelurahan Pacar bisa nambah pengasilan kanggo nyukupi kabutuhane. Para bakul nalika nindakake dodolan ora usah ngolek panggon kanggo dodolan, nanging masyarakat dodoling ngarep omahe dhewe-dhewe. Saliyane dodol masyarakat uga nindakake ekonomi kanthi mbukak pangoongan kanggo parkir.

- **Piguna Sosial**

Piguna sosial ing upacara tradhisi sedhekah laut ing Kelurahan Pacar ngandhut makna ngguyubake antar masyarakat.Guyub rukune masyarakat ing kene bisa dideleng saka tahap wiwitan nalika nganakake upacara tradhisi sedhekah laut nganti pungkasaning upacara tradhisi kasebut. Para masyarakat guyub rukun nindakake kegiyatana kabeh mau.

- **Piguna Pendhidhikan**

Upacara tradhisi sedhekah laut ing Kelurahan Pacar bisa menehi panuntun lan kawruh kanggo masyarakat. Kawruh-kawruh kang ndhidhik ing upacara tradhisi sedhekah laut ing Kelurahan Pacar akeh kang ngandhut pesen utawa pitutur yen generasi panerus bisa ngurmati, ngugemi, lan nerusake pananggalan-pananggalan sejarah budaya saka leluhur kang kudu dijaga lan dilestarekake supaya isih lestari. Masyarakat Kelurahan Pacar minangka panindak nalika nindakake upacara tradhisi sedhekah laut kasebut.

- Piguna nglestarekake Budaya

Upacara tradhisi sedhekah laut iki dileksanakake kanthi cara kang unik lanana nganti saiki saengga bisa dadi daya tarik kanggo para masyarakat sajabane Kelurahan Pacar. Upacara tradhisi sedhekah laut isih nguri-uri kesenian lokal kayata pagelaran wayang kulit lan pagelaran kethoprak.

Piguna kang kapindho yaiku piguna laten. Piguna laten yaiku piguna sing sipate negative utawa *terselubung* ing sajroning upacara tradhisi sedhekah laut ing Kelurahan Pacar. Piguna laten kasebut kayata :

- Dolanan remi nalika pagelaran wayang kulit lan kethoprak

Wayah wengi nalika gelaran wayang kulit lan kethoprak main, masyarakat Kelurahan Pacar padha dolanan remi. Dolanan remi iki ditindakake dening wong lanang. Para wong kasebut nindakake dolanan remi supaya entuk dhuwit sing akeh. Dolanan remi wis jelas dolanan sing sipate judi utawa negatif, nanging wong kasebut ora gagas sing penting entuk dhuwit akeh lan seneng. Kagiyatan kasebut ditindakake sawetara jam 23.00 WIB.

- Ngombe Miras (*Minuman Keras*)

Para masyarakat padha ngombe miras nalika ana orkes dangdut. Orkes dangdut iki bisa menehi sipat negatif ing sajroning upacara tradhisi sedhekah laut. Para masyarakat sing padha ngombe miras umume para remaja nanging uga ana wong tuwa. Para masyarakat sing ngombe miras nduwensi pepinginan supaya seneng bisa joget saksenenge.

- Tawuran (Tukaran)

Tawuran utawa tukaran yaiku padonan antaraning wong siji lan sijine. Tawuran iki umume ana nalika orkes dangdut. Para pawongan bisa tawuran nalika sawise ngombe miras. Para pawongan bisa padu yen padha senggolan olehe joget. Wong sing bubar ngombe miras banjur joget-joget melu musik dangdut bakal gampang emosi. Tawuran iki ana nalika orkes dangdut ing Kelurahan Pacar.

### **Bab-Bab Kang Ndadekake Upacara Tradhisi Sedhekah Laut ing Kelurahan Pacar Kabupaten Rembang Isih Dileksanakake.**

Upacara tradhisi sedhekah laut bisa lestari nganti saiki amarga ana bab-bab kang bisa nyengkuyung. Bab-bab kasebut bisa narik kawigaten bebrayan supaya tetep njaga lan ngugemi tradhisi kasebut. Bab-bab kasebut kayata :

- Tingkat Pendhidhikan Penduduk Kelurahan Pacar

Tingkat pendhidhikan uga bisa kanggo ukuran kahanan warga kang isih ngugemi adat lan tradhisi. Warga kang rata-rata pendhidhikane endhek (lulusan SD lan SMP) lumrahe isih percaya karo anane roh lan dhayang saengga tradhisi kang ana bisa urip. Semono uga bebrayan ing Kelurahan Pacar pendhidhikane rata-rata kalebu endhek utawa *rendah*. Ing kene bisa ditonton saka pendhudhuk sing cacahe 1.629 ana 1.315 jiwa sing bisa namatake sekolahe. Dadi sing ora bisa namatake sekolah cacahe mung 145 lan sisane buta huruf. Ing kene sebagean pendhudhuk isih percaya karo kakuwatan ing sajabaning manungsa, tradhisi lan adat warisan para leluhure isih diugemi lan dilakoni.

- Tingkat Pangupajiwa ing Kelurahan Pacar Kabupaten Rembang

Masyarakat Kelurahan Pacar isih ngleksanakake upacara tradhisi sedhekah laut amarga umume masyarakat Kelurahan Pacar nindakake pakaryan nelayan. Masyarakat Kelurahan Pacar nduwensi kapercayan yen masyarakat ngleksanakake upacara tradhisi sedhekah laut bisa uwal saka cilaka, nanging yen ora dileksanakake bakal ana cilaka.

- Agama Penduduk Kelurahan Pacar Kabupaten Rembang

Warga ing Kelurahan Pacar nganut agama Islam abangan lan isih percaya karo kakuwatan mistis. Lurah Kelurahan pacar (Bapak Mardikun) ngendika yen setaun sepisan kudu dipengeti upacara tradhisi sedhekah laut minangka suwune para leluhure kang wis paring asil segara marang warga sing pakaryane golek iwak ing segara lan supaya wargane ora kena pageblug.

- Panyengkuyunge Masyarakat Kelurahan Pacar Kabupaten Rembang

Upacara tradhisi sedhekah laut iki samestine ora bisa uwal tanpa panyengkuyunge masyarakat Kelurahan Pacar. Yen upacara iki ora ana panyengkuyunge saka masyarakat Kelurahan Pacar bisa-bisa anggone mengeti ora kaya sing dikarepake amarga ragad sing akeh kanggo nyiapake samubarange. Ing kene pamarintah ora nekani apa maneh nyumbang ragad. Ragad kabeh mau saka iuran warga Kelurahan Pacar.

## D. Saran

Saran ing panaliten iki yaiku:

- (1) Ngenani materi pengajaran ing sekolah, panaliten upacara tradisi sedhekah laut iki mesthine didadekake minangkan bahan ajar tambahan basa jawa ing sekolah.
- (2) Dinas Pariwisata lan Pemerintah Daerah mesthine tetep menehi nyengkuyung marang masyarakat kelurahan Pacar Kabupaten Rembang supaya upacara tradisi sedhekah laut iki tetep bisa dilestarekake saengga bisa didadekake budaya lokal dening para wisatawan saka njero utawa njabane Kelurahan Pacar.

## E. KAPUSTAKAN

Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Pendelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: PT. Rineka Cipta.

Bakker. 1984. *Filsafat Kebudayaan, Sebuah Pengantar*. Yogyakarta: Kanisius (Anggota IKAPI).

Danandjaja, James. 2002. *Folklor Indonesia (Ilmu Gosip, dongeng, dan lain-lain)*. Jakarta: Pustaka Utama Grafiti.

Endraswara, Suwardi. 2005. *Tradisi Lisan Jawa*. Yogyakarta: Narasi.

\_\_\_\_\_. 2006. *Metodologi Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

Hasan, Alwi. 2005. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.

Herusatoto, Budiono. 2005. *Simbolisme dalam Budaya Jawa*. Yogyakarta: Hanindita Graha Widia.

Kaplan, David. 2000. *Teori Budaya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar (Anggota IKAPI).

Koentjaraningrat. 2002. *Kebudayaan Mentalitas dan Pembangunan*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.

\_\_\_\_\_. 2002. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: Rineka Cipta.

- Kuntowijoyo. 1987. *Budaya dan Masyarakat*. Yogyakarta: PT Tiara Wacana.
- Luxemburg. 1989. *Pengantar Ilmu Sastra*. Jakarta: PT Gramedia
- Mangunsuwito.2002. *Kamus Lengkap Bahasa Jawa Bandung*: YRAMA WIDYA
- Maran, Rafael Raga. 2000. *Manusia & Kebudayaan dalam Perspektif Ilmu Budaya Dasar*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Moleong, Lexy J. 2006. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja Rosdakarya.
- Pateda. 2001. *Semantik Leksikal*. Jakarta: PT Rineka Cipta
- Purwadi. 2005. *Upacara Tradisional Jawa*. Yogyakarta: Pustaka Dasar.
- Peursen, van. 1988. *Strategi Kebudayaan* (diterjemahkan oleh Dick Hartoko). Yogyakarta: Kanisisus.
- Prasetyo, Joko Tri. 2004. *Ilmu Budaya Dasar*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Surabaya: Unesa Unipress
- Sugiyono. 2005. *Memahami Penelitian Kualitatif*. Bandung: ALFABETA
- Sukarman. 2005. *Pengantar Kebudayaan Jawa*. Surabaya: Anggota IKAPI
- Suwarni dan Widayati, Sri Wahyu. 2005. *Dasar-Dasar Upacara Adat*. Surabaya: FBS Unesa
- <http://www.scribd.com/doc/46544248/Pengertian-Observasi>.